



Pou Piblikasyon Imedya: 19/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE PÒTAY DIJITAL POU EDE ETA NEW YORK BAY
GADRI GRATIS OSWA NAN PRI KI BA POU PLIS FANMI NAN TOUT ETA A**

***Gouvènè a sekirize investisman Eta ak federal istorik ki koute 1.8 milya dola nan
Pwogram Asistans Gadri Eta a***

***Pwogram lan kouvri 90% depans gadri nan to mache a pou pi fò fanmi ki elijib yo,
li asire ke pifò fanmi ki gen kat moun pa peye plis pase 15 dola pa semèn***

***Kounye a l ap sèvi 100,000 fanmi nan tout Eta a epi dè santèn milye fanmi anplis
gen anpil chans pou yo aplike***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a, ansanm ak Senatè Ameriken Kirsten Gillibrand nan Club Fed Child Care Center nan Albany, te lanse ny.gov/childcare – yon pòtay dijital pou ede fè gadri gratis oswa nan pri ki ba pi aksesib pou fanmi ki elijib nan tout eta a atravè Pwogram Asistans Gadri (Child Care Assistance Program, CCAP) Eta New York la. Nouvo inisyativ sa a swiv investisman istorik 1.8 milya dola eta ak federal la nan Pwogram Asistans pou Swen Timoun Gouvènè Hochul te garanti nan Bidjè yo Adopte pouAne Fiskal 2025 la.

"N ap fè New York vin pi abòdab epi ranfòse ekonomi nou an lè nou bay plis fanmi gadri gratis ak nan pri ki ba nan tout eta a, epi fè li pi fasil pou fanmi yo aplike pou finansman sa a sou entènèt", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Antanke premye manman gouvènè nan New York, mwen konprann defi swen timoun yo epi mwen espere wè pwogram ki pote transfòmasyon sa a rive jwenn plis paran ak timoun atravè eta nou an."

Nouvo pòtal dijital eta a rann li pi fasil pou fanmi yo nan tout eta a aplike pou Pwogram Asistans Gadri (CCAP) a, ki kouvri omwen 90 pousan nan pri gadri pou pi fò fanmi ki elijib yo. Sa vle di pifò fanmi kigen kat moun ki elijib yo p ap peye plis pase 15 dola pa semèn – sa ki pèmèt fanmi yo ekonomize plizyè milye dola nan depans gadri anyèl yo.

CCAP deja bay anviwon 100,000 fanmi nan tout eta a gadri gratis oswa nan pri ki ba. Sepandan, ofisyèl eta yo estime ke plizyè santèn milye lòt fanmi nan tout eta a gen anpil chans elijib pou CCAP epi Gouvènè Hochul ankouraje Nouyòkè yo aplike.

CCAP se yon pwogram leta ki ede fanmi k ap travay atravè New York peye pou gadri. Byenke elijiblite a baze sou plizyè faktè tankou revni ak gwosè fanmi an, anpil fanmi ka kalifye pou CCAP si revni kay yo egal oswa pi ba pase 85 pousan Revni Mwayen Zòn lan (Area Median Income, AMI). Kounye a, 85 pousan Revni Medyàn Eta a pou yon fanmi kat se anviwon 108,000 dola.

Anvan, se sèlman fanmi ki nan Vil New York ak nan Schenectady ki te kapab aplike pou CCAP sou entènèt, alòske pifò lòt fanmi atravè eta a te oblije ranpli yon fòmilè papye. Lansman nouvo pòtal dijital eta a asire fanmi yo nan tout eta a fasil pou konnen si yo elijib, aplike sou entènèt epi jwenn aksè ak gadri gratis oswa nan pri ki ba si yo kalifye. Sa ap ede CCAP rive jwenn otan fanmi posib pami plizyè santèn milye fanmi ki ka elijib atravè eta a.

Nouvo pòtal dijital sipèvize pa Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) New York la. Fanmi yo ka sèvi ak yon zouti sou entènèt nan paj sa a pou yo tcheke davans pou kalifikasyon epi apre sa imedyatman aplike pou asistans pou gadri, retire nenpòt pwosesis redondan ak kondisyon rapò ki pa nesèsè yo mete sou fanmi yo.

Nouvo pòtal dijital la pral sèvi fanmi andeyò Vil New York ak Konte Schenectady. Fanmi ki elijib ki abite nan Vil New York dwe aplike pou CCAP atravè [Portal MyCity](#). Fanmi ki elijib ki abite nan Schenectady dwe aplike pou CCAP atravè [pòtay Konte Schenectady a](#). Si nenpòt fanmi ki nan zòn sa yo eseye aplike atravè nouvo pòtay dijital Eta a, yo pral tou senpleman redireksyone yo sou pòtay apwopriye ki sèvi zòn pa yo.

Se distri sèvis sosyal lokal ki administre CCAP epi OCFS sipèvize li. Kòm yon pati nan lansman sa a, OCFS ap kolabore tou ak plizyè òganizasyon pati konsène yo pou distribye enfòmasyon sou CCAP nan tout eta a bay fanmi yo, ki gen ladan nouvo paran yo, epi ankouraje fanmi yo pou yo aplike.

Komisè OCFS la, Doktè DaMia Harris-Madden, te deklare, "Nou kontan pou nou fè patenarya ak Gouvènè a ak distri sèvis sosyal lokal nou yo pou aplike nouvo inisyativ sa a, ki pral elimine baryè pou fanmi k ap chèche aplike pou asistans pou gadri yo. Nouvo pòtay sou entènèt la pral rasyonnalize pwosesis aplikasyon an, ofri aksè pi fasil ak pwogram nan, epi mete plis fanmi sou chemen pou jwenn bon jan kalite gadri pou timoun ki abòdab. Plis fanmi New York pase tout tan anvan elijib pou asistans pou gadri kounye a lè sèy revni an rive jiska 108,631.70 dola pou yon fanmi ki gen kat moun nki an 85% revni mwayèn eta a."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Avèk lansman nouvo pòtyl dijital sa a, New York ap franchi yon etap enpòtan pou rann gadri abòdab vin pi aksesib pou fanmi yo atravè eta a. Amelyore aksè ak gadri abòdab se fason nou ranfòse mendèv nou an, ede ekonomi nou an grandi, epi investi nan avni nou an. Se poutèt sa mwen te goumen pou sekirize 1 milya dola nan bidjè federal k ap vini an pou gadri ak dirije entwodiksyon Lwa sou Estabilizasyon Gadri (Child Care Stabilization Act) a. Gouvènè Hochul ap fè yon gwo travay pou rann li pi fasil pou fanmi yo atravè New York jwenn aksè ak gadri gratis ak nan pri ki ba epi mwen pral kontinye travay avèk li epi goumen pou gadri abòdab pou tout moun."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Chak fanmi merite pou yo gen aksè fasil ak gadri fyab, gratis oswa nan pri ki ba san yo pa oblije franchi obstak inital", deklarasyon Senatè Gillibrand. "Nouvo pòtay sou entènèt pou Pwogram Asistans pou Gadri a pral yon zouti transfòmatif pou paran yo atravè eta a epi li pral elaji gadri pou fanmi ki nan bezwen yo. Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè Hochul pou anons istorik sa a epi felisite angajman li paske li elaji gadri nan tout eta a. Asire w ke fanmi yo gen aksè fasil ak abòdabilite ak gadri pou timoun enpòtan, epi se poutèt sa mwen pral kontinye goumen nan nivo federal pou elaji aksè ak gadri nan New York ak atravè peyi a."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Ogmante aksesibilite ak gadri abòdab enpòtan anpil pou sipòte fanmi nou yo ak grandi yon ekonomi ak mendèv solid. Pwogram Asistans pou Gadri a deja ede anpil fanmi atravè Eta New York, epi nouvo investisman sa a pral asire pwogram nan ka rive jwenn plis moun toujou. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou lidèchip li sou pwoblèm enpòtan sa a, epi mwen pral kontinye goumen nan Washington pou fè gadri inivèsèl vin yon reyalyte pou chak fanmi."

Lidè Majorite Sena Eta a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Majorite Sena a te goumen ak fyète pou rann gadri pi abòdab pou fanmi k ap travay yo, sa enkli elaji pwogram asistans pou gadri a pou ogmante kalifikasyon revni, fè plis fanmi elijib pou pwogram nan, epi sipòte fanmi ki nan pi gwo nesosite yo. Lansman pòtay dijital gadri a pral sèvi kòm yon gwo resous pou fanmi k ap chèche plas nan gadri ki ouvè. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou patenarya li nan kontinye ogmante aksè ak gadri pou fanmi yo atravè eta nou an."

Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare, "Fanmi yo bezwen gadri san danje, abòdab yo ka konte sou yo, men twòp moun gen difikilte pou yo jwenn li. Sa pral konekte plis Nouyòkè ak gadri gratis ak nan pri ki ba yo bezwen. Eta nou an reyisi lè fanmi nou yo ap pwospere, epi nou pral kontinye travay ansanm ak patnè nou yo nan gouvènman an pou fè eta nou an yon kote ki pi bon mache pou nou viv epi mete fanmi New York yo an premye."

Bidjè Ane Fiskal 2025 la kontinye investisman 7 milya dola istorik Gouvènè Hochul la pandan kat ane pou elaji aksè ak gadri ak amelyore abòdabilite pou fanmi yo atravè New York. Anplis de 1.8 milya dola pou sipòte CCAP, lòt investisman gen ladan 5 milyon dola pou finanse yon pilòt Rezo Gadri Familyal (Family Child Care Networks) ki ofri sipò ak fòmasyon bay founisè gadri ki baze nan kay, ak etablisman peman diferans

pou bon jan kalite founisè ki satisfè kritè tankou akreditasyon pa òganizasyon gadri ki rekonèt nasyonalman, epi k ap sèvi fanmi k ap fè eksperyans sitiwayon sanzabri epi k ap fonksyone nan lè ki pa tradisyonèl yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)